# КӨРКЕМ ӨНЕР МЕКТЕБИН ЖАРАТҚАН АКТЁР

***Исмаилова М.***
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы «Актёр шеберлиги» кафедрасы профессоры*
***Уразмбетова Л.***
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы «Режиссура көркем өнери » кафедрасы баслығы, доцент.*

**Таянч сўзлар:** актёр, талаба, Досберген Ранов, Хожаберген Айымбетов,устоз, педагог-режиссёр, хореография, пьеса, институт.

**Ключевые слова:** актер, студент, Досберген Ранов, Ходжаберген Айымбетов, педагог, педагог-режиссер, хореография, профессия, институт.

**Key words:** actor, student, Dosbergen Ranov, Khojabergen Aiymbetov, teacher, teacher-director, choreography, profession, institute.

- Мына «кишкентай» ким?

Ҳәмме үнсиз қалды, Досларын көриўге келген жигит те, тосаттан берилген сораўдан албырап жуўап бере алмады.

- Бизиң институтта оқыўды қәлейсеңбе? – деди сонда 1-курс музыкалы театр актёрлығы бөлиминиң көркемлик жақтан басшысы Софья Михайловна Гудманович.

-Аўа, қәлеймен! – деп жуўап берди «кишкентай».

Жас өспирим ол жигит Ташкент аўыл хожалығы институтының 2-курс студенти, Досберген Рановтың жақын досты Хожаберген Айымбетов еди. Театр көркем институтындағы қарақалпақ курсында оқып атырған досларын көриўге барғанда Софья Михайловна Гудманович пенен ушырасып, устаздың усынысы менен аўыл хожалығы институтын таслап, дослары оқып атырған курсқа келеди. Оның көркем өнерге қойған дәслепки қәдеми усылай басланады. Педагог-режиссёр Софья Михайловна биринши мәрте ушырасқанда-ақ оның көзлеринен дөретиўши инсан нәзерин көрген болса керек, оны ҳәмме ўақыт «кишкентай» деп еркелетип шақырады екен.

Хожаберген Айымбетов 1940-жылы 24-май күни Тахтакөпир районы Қараой аўыл кеңесиниң жетинши аўылында дүньяға келеди. Ола та-ана-сынан жүдә кишкене ўақтында жетим қалады, дайысының қолында тәрбия көреди. Жаслығынан скрипка ҳәм дуўтар шертиўге қумар болады ҳәм сол саз әсбапларын жоқары дәрежеде меңгереди, дуўтарды устазы Айтжан Хожалепесовтың жолына салып шертеди. 1957-1960-жылларда ол Нөкис аўыл хожалық техникумында оқыйды, оны тамамлағаннан кейин, аўылында агроном болып ислейди. Бирақ жанының сазға қумарлығы оған тынышлық бермей, оны көркем өнер әлемине алып келеди. Ол 1960-61-жыллары Госфилармонияда сазенде болып хызмет атқарады, кейин Ташкент аўыл хожалығы институтында оқып жүрген ол қызығыўшылығы арқасында Ташкент театр көркем өнери институтына өтип кетеди. Сол гезлерде ол билим дәргайында Нажиматдин Аңсатбаев, Досберген Рановлар оқыйтуғын еди. Хожамберген 1962-жылы 2-курс ўақтында қорғаў хызметине кетеди. Ол 3 жыллық әскерий хызметтен қайтқанда курсласлары оқыўды питкерип, театрда дөретиўшилик жумыслары менен ҳалыққа танылып атыр еди. Армия қатарынан келгеннен кейин ол өзбек топарында оқыўын даўам еттиреди, халыққа белгили артистлер Хожакбар Нурматов, Гулчехра Жамиловалар менен бир курста жетик маман педагог-режиссёр Олга Ивановна Тимофеевадан актёр шеберлиги сабақларын алады.

1968-жылы Хожаберген Айымбетов оқыўды питкерип театрға жумысқа орналасады ҳәм Нөкис көркем өнер училищесиниң хореография бөлимин питкерип, театр балет труппасында ислеп атырған Сырғагүл апа менен танысып, шаңарақ қурады. Дөретиўшилер шаңарағында еки ул, үш қыз жәми бес перзент туўылып, олар үлкен шаңарақ ийеси болады.

Хожаберген Айымбетов дөретиўшилигинде режиссёр Өзбекстан халық артисти, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Нажиматдин Аңсатбаев сахналастырған Кеңесбай Рахмановтың «О дүньяға мирәт» спектаклиндеги Тасполат роли жүдә әхмийетли орынды ийелейди. Бул пьеса өткен әсирдиң 70-жылларында қарақалпақ әдебиятының драматургия жанрында үлкен бурылыс болды. Пьесадағы коррупцияға қарсы гүрес темасын Кеңесбай Рахманов бир шаңарақ өмиринде жоқары дәрежеде шеберлик пенен бере алған.

Бас қахарман Тасполаттың ролин режиссёр Хожаберген Айымбетовқа береди. Пъеса үстинде күнди күн, түнди түн демеё, дөретиўшилик ислери алып барылады. Тасполаттың ҳаялы Улпериниң ролинде Қарақалпақстан халық артисти «Дослық» ордени ийеси Маржан апа Халмуратова ойнайды. Сахна машақатларын сол нәрсе анық дәлийллейди – бас рольдеги

Хожаберген аға менен Маржан апа сахналастырыў дәўиринде биреўи 8 кг, екиншиси 11 кг азған, ҳәттеки Хожаберген ағаның мурнынан қан атып кеткен пайытлар да болған екен. Бул оларға репетицияда зорабанлық көрсетилди дегенди аңлайтпайды, керисинше сахналастырып атырған шығарманы турмыслық ҳақыйқатқа сай рәўиште көрсетиў процесси еди. Демек, актёрлар қол ушы репитиция ислемеген, ҳәр бир сөздиң астарлы мәнисин ашып, автордың идеяларын жанландырған. Қараң: Тасполат ролинде Хожаберген ағаның барлық актёрлық шеберлик мүмкиншиликлери қәлиплесип, ол өзиниң көркем өнер мектебин жарата алған. Тасполат райпо баслығы, оның парахорлығын склад баслығы Шернияздың (Т.Қошқаров, Е.Саекеев) ис-ҳәрекетлери толықтырып турады. Дүнья-малдың қулына айланған ҳаялы Улпери (М.Халмуратова) ақылсыз ислери менен қандай жолға кирип кеткенин билмейтуғын унамсыз образ сыпатында сәўлелениўин тапқан. Тасполат ҳәм Улпериниң жаман иллетлери жалғыз перзентиниң өмирине заўал болады.

Кеңесбай Рахмановтың «О дүньяға мирәт» пьесасын сахналастырған режиссёр, актёрлар, художник театр ушын жоқары мәртебе алып келди, спектакль тамашагөйлер тәрепинен жоқары руўхта қабылланды. Хожаберген Айымбетов Тасполат ролинен кейин «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист» атағын алыўға миясар болды.

Хожаберген Айымбетов театрда жаратқан образларының ишинде «Еки байға бир малай» спектаклинде 2-малай, «Қызыл шалғышлы дилбарым» да Төлехожа, «Бердақ» та махрем, «Сүймегенге сүйкенбе» де Төре, «Табыттан шыққан даўыс» та Сухсуров, «О дүньяға мирәт» та Тасполат, «Келинлер қозғалаңы»нда  Маккамбай, «Лаққылар емлеўханада» Дәўен, «Жетинши папам» да Жылқыбай, «Гүңелек қыз ҳәм тәўип» те Лука, «Мухаббатым гөззаллық» та Сабыр, «Хожа Насретдинниң қатынлары»нда Ғулам, «Ынжықтың муҳаббаты»нда Елеген тамашагөйлеримизде жақсы тәсир қалдырғаны мәлим. Оның халық алдындағы мийнетлерин баҳалап, 1999-жылы «Қарақалпақстан халық артисти» атағы берилди. Оның турмыслық жолдасы Сырға Айымбетова да бәлент лапызлы актриса. Ол С.Хожаниязов, А. Халимовлардың «Сүймегенге сүйкенбе»  музыкалы драмасында Айсәнем, Ж.Аймурзаев, А.Халимовтың «Бердақ» музыкалы драмасында Ҳурлиман, «Ғәрип Ашық» музыкалы драмасында Ғәриптиң анасы ҳәм тағы басқа да түрли характердеги образлар дөретти. Ол «Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист». Олардың бес перзенти де жоқары оқыў орынларын питкерген, жоқары дәрежедеги қәнигеликке ийе.

**Әдебиятлар:**

1. К.Станиславский «Санъатдаги ҳаётим». Бадиий адабиёт нашриёти. Ташкент 1965 й.
2.У. Зуфаров. "Сахна додалаўы ҳәм талқылаў" (Л.Уразмбетова аўдармасы) Билим баспасы 2015-жыл.
3. М. Жиемуратова, Л. Уразмбетова "Театр өнери ҳәм көркем образ" //Тараз мемлекеттік педагогикалық университетиниң хабаршысы. – №1 (37) 2019

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада бадиий санъат мактабин яратган актёр Хожаберген Айымбетов таржимои ҳоли ва меҳнат фаолияти тўғрисида сўз боради.Шунингдек, актёрнинг театр сахнасидаги моҳирлик ижро этган спектакльлари ифодаланган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассказывается о биографии и творчестве актера Ходжабергена Айымбетова, создавшего художественную школу. Также описаны выступления актера на сцене театра.

**SUMMARY**

This article talks about the biography and work of actor Khojabergen Ayimbetov, who created an art school. The actor’s performances on the theater stage are also described.